

9

Preparasyon pou Kolèj ak Siksè Apre-Lekòl Segondè

LIS POU PARAN AK FAMNI Ede pitit ou atenn objektif akademik li!

METE ANFAZ sou bezwen pitit ou genyen pou l kontinye travay byen lekòl

- Ede pitit ou defini objektif epi fè plan pou ane akademik la.
- Mete anfaiz sou enpòtans ale lekòl chak jou.
- Revize travay li avèk nòt li regilyèman.
- Pale avèk pitit ou sou pwogrè akademik ou espere l ap fè.
- Ede pitit ou rete òganize epi devlope yon woutin pou l fè devwa.
- Diskite avèk pitit ou sou preparasyon ak pran ekzamen PSAT.
- Pale avèk konseye akademik nan lekòl la pou fè sèten pitit ou sou wout pou li gradye.



ANGAJE konvèsasyon avèk pitit ou sou sijè ki enpòtan

- Patisipe nan zafè lekòl pitit ou epi ankouraje yo patisipe nan aktivite aprè klas, klib, sèvis kominotè oswa espò.
- Fè konesans ak zanmi pitit ou ak fanmi yo.
- Ede pitit ou konprann fason pou yo konpòte yo byen nan medya sosyal yo.
- Di yo sa w swete pou yo epi fè yo konnen risk ki genyen nan bwè alkòl, pran dwòg eltr.

EKSPLORE ak pitit ou

- Pale ak pitit ou sou objektif li gen pou demen epi ede li planifye.
- Kòmanse eksplòre karyè ak kolèj yo, itilize sèvis entènèt gratis tankou *Big Future* oswa *MyCareerShines*.
- Chèche konnen fason pou peye pou kolèj; tankou bousdetid ak Èd finansye si ou kalifye.
- Kreye yon kontanbank "saving" pou edikasyon apre lekòl segondè pou pitit ou a kontribye ladan ak travay atan pasyèl li fè pandan ete a.
- Fè rechèch sou sipò gratis pou etid PSAT ak SAT tankou Khan Academy.



Edikasyon Apre Lekòl Segondè
Pa Koute Chè!